QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI

QARAQALPAQSTAN RESPUBLİKASI'
XALI'Q BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGI

No'kis q. A.Dosnazarov k. 62 u'y, tel: 8 (361) 222-24-37, 222-24-63, faks: 222-98-30,
**web-site:** http://kkedu.uz, **e-mail:** qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz

**31 - Март 2021 j.** **01-04/03-1552 - sanli**

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Министрлер Кеңесине**

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының атына "STUDY SAY HI" мәмлекетлик емес билимлендириў орайы баслығы А.Абдировадан 2021-жыл 23-март күни 01-санлы мүрәжат хаты келип түскен болып, булар бойынша төмендигилерди мәлим етип билдиремиз.

Нөкис қаласы Мухимий көшеси 35-жайда жайласқан бурынғы ПМК-430 кәрханасына қараслы болған, бүгинги күнде Нөкис қаласы ҳәкимлиги балансына өткерилип бос турған иморатынан жеке меншик мектеп имаратын шөлкемлестириў Нөкис қаласы ҳәкимлиги тәрепинен әмелге асырылыўы зәрүр.

Буннан тысқары, Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлимине қараслы улыўма орта билим бериў мектеплеринде бүгинги күнде жеке мектеп шөлкемлестириў ушын бос турған жер майдалары ҳәм бос турған имаратлары жоқ екенлигин мәлим етемиз.

Егерде бос турған жер майдан ҳәм бос турған имаратлар болған жағдайларда Өзбекистан Республикасы Президентиниң «Халық билимлендириў дизиминде басқарыўдың жаңа принциплерин енгизиў ис-илажлары ҳаққында»ғы 2018-жыл 5-сентябрьдеги ПҚ-3931-санлы Қарарының 10-бәнди ҳәмде Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 26-27-июнь күнлери Наманган ўәлаятына сапары даўамында берилген тапсырмалар ҳәмде өткерилген мәжлис баянламасының 100-бәндинде Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси, Ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы ҳәкимликлери тәрепинен билимлендириў шөлкемлери ҳәм мекемелериниң имаратларын ҳәм жер майданларын халық билимлендириў тараўынан басқа мақсетлерде пайдаланыў юридикалық ҳәм физикалық шахсларға берилиўи қатаң шекленгенлиги көрсетилип өтилген.

Жоқарыдағыларды есапқа алып Сизге, Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине қараслы бүгинги күнде бос турған жер майдалар ҳәм имаратлар жоқ екенлигин мәлим етип билдиремиз.

**Министр** **Р. Реимов**

Таярлаған: И.Балтабаев
Тел: (61) 222-95-13